

**Décret-loi n° 1/23 du 20 novembre 1981 portant promulgation
de la Constitution de la République du Burundi**

Le Président de la République,

Vu le décret-loi n° 1/18 du 20 octobre 1981 portant organisation du référendum constitutionnel ;

Le peuple burundais ayant approuvé, par référendum organisé le 18 novembre 1981, le projet de Constitution de la République du Burundi ;

Article unique : Promulgue la loi dont le texte est annexé au présent décret-loi et qui devient la Constitution de la République du Burundi à dater de ce jour.

Bujumbura, le 20 novembre 1981.

Jean-Baptiste BAGAZA,

Colonel.

Par le Président de la République,

Le Ministre de la Justice,

Laurent NZEYIMANA.

Vu et scellé du sceau de la République,

Le Ministre de la Justice,

Laurent NZEYIMANA.

INTANGAMARARA

ABARUNDI BOSE,

Bishimikije imico myiza kama ibaranga, ubumwe n'ugufatana mu nda bamanye kuva na kera na rindi, hamwe n'ubwira bamanye mu kurwanira agateka k'igihugu cabo ;

Basubiye kwemeza imigambi ngenderwako iserurirwa mu Mugambwe w'abanyagihugu bafatanye mu nda ngo barwanire amajambere ; bubake igihugu kirangwa n'ubutungane, kigahahiriza abarya abandii imitsi ;

Biyemeje ko bikenewe ko hashingwa inzego zishigikira intwari rusangi mu gihugu kugira ngo abanyagihugu bishire bizane vy'ukuri, bagabe biganzire ubutunzi bw'igihugu, bongere basubize agateka imico n'ubumenyi kama vy'Uburundi ;

Bemeje ko ari intabanduka mu kurwanira agateka ntangere ka muntu, bakemeza kandi bakarwanira icubahiro ca zina muntu n'amakungu, bakubahiriza kandi amasezerano avyerekeye yemejwe n'ibindi bihugu ;

Babonye ko amahoro, ubucuti n'ugufashanya kw'ibihugu bisashobora gusasagara ivyo bihugu bitubahanye bigasoneranira mu kwishira n'ukwizana n'ukwubahanira intahe, bikunga ubumwe buzira ubugunge, mu guteza imbere itunga ryavyo ;

Bakabona ko ibihugu vya Afrika vyamye bisangiye ugupfa n'ugukira kuva na kera na rindi, none bishinze kwita ku rutare kugira Afrika ive mu minwe y'abanyamahanga, ubumwe n'ugufashanya bibone gusasagara.

BAREMEJE ICESSE IRI BWIRIZWA-SHINGIRO.

IKIGABANE CA I.

Republika y'Uburundi

Ingingo ya I.

Uburundi ni Republika imwe yikwiye, yikukira vy'ukuri itegamiye idini n'imwe kandi ishingiyeye ku ntwaro rusangi. Intwari bushimikiyeko ni iy'Abanyagihugu, ni bo bayishinga kandi ni bo iharanira.

PREAMBULE.

LE PEUPLE BURUNDAIS,

Confiant dans ses valeurs de culture et d'identité propres, dans son unité et sa cohésion séculaires ainsi que dans ses traditions de lutte pour sa dignité nationale ;

Réaffirmant ses options fondamentales exprimées à travers un parti de masse fondé sur l'alliance des forces progressistes tendant à créer une société où règne la justice sociale et où sera bannie l'exploitation de l'homme par l'homme ;

Convaincu de la nécessité d'organiser les structures démocratiques de l'Etat pour que la souveraineté du peuple soit effective, d'exercer la souveraineté sur les richesses et les ressources nationales et de promouvoir la réhabilitation et la revalorisation de la culture nationale ;

Proclamant son attachement à l'éminente dignité de la personne humaine, à la reconnaissance et à la protection des droits de l'homme et des peuples, ainsi qu'aux conventions et traités internationaux relatifs à ces droits ;

Reconnaissant que la paix, l'amitié et la coopération entre les peuples exigent le respect de leur autodétermination et de leur indépendance, et l'organisation des relations économiques équitables entre les nations ;

Conscient des liens et impératifs historiques, moraux et matériels qui unissent les Etats d'Afrique et déterminé à soutenir, par tous les moyens, la libération, la coopération et l'unité africaines ;

ADOPTE SOLENNELLEMENT LA PRESENTE CONSTITUTION :

Titre I.

De la République du Burundi.

Art. 1.

Le Burundi est une République unitaire, souveraine, laïque et démocratique

Son principe est le gouvernement du peuple, par le peuple et pour le peuple.

Ingingo ya 2.

Igihugu gitegekwa n'abanyagihugu baciye ku babaserukira canke bo nyene ubwabo bahamagawe ngo biserurire ivyiyumviro vyabo.

Ingingo ya 3.

Republika y'Uburundi igizwe n'amaprovensi n'amakomine.

Amabwirizwa aratomora ingene biringanijwe n'uburyo bitwarwa, ni yo yerekana kandi ingene iyindi mihingo igaburwa.

Amabwirizwa arashobora guhindura imbibe n'igitigiri c'ayo maprovensi. Igihugu ntigishobora guhindura imbibe canke ngo kinyenyagurwe, kiretse bakurikije ibitegekanijwe n'ikigabane ca VIII c'iri Bwirizwa-Shingiro.

Ingingo ya 4.

Umurwa Mukuru w'igihugu ushinzwe i Bujumbura. Ibwirizwa rishobora kuwimurira ahandi hose mu Burundi.

Ingingo ya 5.

Ibendera ry'Uburundi rigizwe n'amabara atatu; iry'urwatsi rutoto, iryera n'iritukura. Rishushanjwe bwa rukiramende, rikagaburwamwo ibice bine, hagati hakaba urubumbiro rwera rurimwo inyenyeri zifise imwe imwe amasonga atandatu, zikagira inyabutatu ngereranyo ifise impande zose zingana iri mu muzingiro ngereranyo usangiye itsina na rwa rubumbiro, ishingiro ryayo rikaba ribangabanganywe n'uburebure bw'ibendera.

Amabwirizwa ni yo atomora uko ibendera riraha n'utundi turishushanjeko.

Imigambi y'Uburundi ni : UBUMWE, IBIKORWA, AMAJAMBERE.

Ingingo ya 6.

Ikimenyetso ca Republika y'Uburundi ni inkinzo ishushanjeko umutwe w'intare n'amacumu atatu, vyose bikaba bikikijwe n'imigabo y'igihugu.

Icivugo c'Uburundi n'Ikimungu ca Republika bishingwa n'ibwirizwa.

Ingingo ya 7.

Ururimi kavukire ni Ikirundi. Indimi zikoreshwa mu ntwaro ni Ikirundi n'izindi zishingwa n'amabwirizwa.

Ingingo ya 8.

Ibwirizwa ni ryo rishinga uburyo umuntu aronka akaranga kamugira Umurundi, ingene akagumya canke kamuvako.

Art. 2.

La souveraineté nationale appartient au peuple qui l'exerce soit par ses représentants, soit directement par la voie du référendum.

Art. 3.

La République du Burundi est divisée en provinces et en communes.

La loi détermine leur organisation et leur fonctionnement, ainsi que d'autres circonscriptions administratives.

Elle peut en modifier les limites et le nombre. Le territoire national est inaliénable et indivisible, sous réserve des dispositions du titre VIII de la présente Constitution.

Art. 4.

La capitale du pays est fixée à Bujumbura. Elle peut être transférée en tout autre lieu de la République par la loi.

Art. 5.

Le drapeau du Burundi est tricolore : vert, blanc et rouge. Il a la forme d'un rectangle, partagé par un sautoir, comportant en son centre un disque blanc frappé de trois étoiles rouges à six branches qui forment un triangle équilatéral fictif inscrit dans un cercle fictif ayant le même centre que le disque et dont la base est parallèle à la longueur du drapeau.

La loi précise les dimensions et les autres détails du drapeau.

La devise du Burundi est: Unité, Travail, Progrès.

Art. 6.

L'emblème de la République est un écu frappé de la tête du lion ainsi que de trois lances, le tout entouré de la devise nationale.

L'hymne national et le sceau de la République sont déterminés par la loi.

Art. 7.

La langue nationale est le Kirundi. Les langues officielles sont le Kirundi et d'autres langues déterminées par la loi.

Art. 8.

La qualité de Murundi s'acquiert, se conserve et se perd selon les conditions déterminées par la loi.

Ingingo ya 9.

Inkingi nshingiro za Republika y'Uburundi ni izi :

- Umugambwe ;
- Umukuru w'Igihugu ;
- Inama Nshikiranganji ;
- Inama Nshingamateka ;
- Sentare.

Ikigabane ca II.

Iyubahirizwa rya zina muntu n'ibijejwe Abarundi

Igice ca I. Iyubahirizwa rya zina muntu,

Ingingo ya 10.

Zina muntu wese abwirizwa gusonerwa. Leta itegerezwa kumwubaha n'ukumwubahiriza.

Umuntu wese arashobora kurondera ibimuteza imbere ata nkomanzi ariko akabigira mu mategeko kandi atawe arenganije.

Ingingo ya 11.

Abarundi bose barangana imbere y'amabwirizwa, ata kuraba umuhungu n'umukobwa amamuko, urukoba, idini y'umuntu canke ivyiyumviro vyawe.

Ingingo ya 12.

Umuntu wese arishira akizana ata nkomanzi. Nta n'umwe ashobora gukurikiranwa, gufatwa canke gufungwa bidacye mu mabwirizwa yashinzwe ahahiriza icaha yagirizwa.

Umuntu wese ashobora kwiburanira imbere ya Sentare yose nk'uko bitunganijwe kandi mu buryo butomowe n'amabwirizwa.

Ntawushobora kubuza umuntu, ku gahato, gucirwa urubanza na Sentare yagenywe n'ibwirizwa.

Ingingo ya 13.

Umurundi wese arafise ijambo mu ntwaro no mw'itunganywa ry'igihugu, akabigira yiserukiye we nyene ubwiye canke abicishije ku bamuserukira ariko bikaba biroranye n'amabwirizwa yabishinze, nk'ayerekeye imyaka y'amavuka n'ayashinga ubibasha kandi abikwiye.

Ingingo ya 14.

Urugo rw'umuntu rubwirizwa kwubahwa. Ntawushobora kurusaka bitarekuwe n'amabwirizwa no mu buryo abiringaniza.

Art. 9.

Les institutions fondamentales de la République du Burundi sont :

- le Parti,
- le Président de la République,
- le Gouvernement,
- l'Assemblée Nationale,
- l'Autorité Judiciaire.

Titre II.

Des libertés publiques et des devoirs du citoyen

CHAPITRE I.

Des libertés publiques.

Art. 10.

La personne humaine est sacrée. L'Etat a l'obligation de la respecter et de la protéger.

Chacun a le droit au libre développement de sa personnalité dans le respect des droits d'autrui et de l'ordre public.

Art. 11.

Tous les Burundi sont égaux en droits et en devoirs sans distinction aucune de sexe, d'origine, de couleur, de religion ou d'opinion.

Art. 12.

La liberté de la personne humaine est inviolable. Nul ne peut être inculpé, arrêté ni détenu que dans les cas déterminés par la loi promulguée antérieurement à l'infraction qu'elle réprime.

Le droit de la défense est garanti devant toutes les juridictions et à tous les degrés de la procédure.

Nul ne peut être distrait, contre son gré, du juge que la loi lui assigne.

Art. 13.

Tout Burundi a le droit de participer, soit directement soit indirectement par des représentants, à la direction et à la gestion des affaires de l'Etat, sous réserve des conditions légales notamment d'âge et de capacité.

Art. 14.

Le domicile est inviolable.

Il ne peut être ordonné de perquisition que dans les formes et conditions prévues par la loi.

Ingingo ya 15.

Abarundi bose bashobora kugendagenda mu Burundi bwose no kugerera aho hose bashaka, kiretse ho ibwirizwa ribimiriye gusa.

Ingingo ya 16.

Umuntu wese arashobora kugira ivyiyumviro vyawe, gukurikira idini ashatse, guserura ico yiyumvira, ntiyaburirwe amakete, akagira inama hamwe n'abandi, agashinga n'amashirahamwe, vyose akabigira ata nkomanzi, ariko akurikije uko amabwirizwa abivuga n'uburyo abiringaniza.

Ingingo ya 17.

Umuryango, ari wo nkomoko y'abantu urubahirizwa n'amabwirizwa.

Abavyeyi babwirizwa kurera abana babo kandi ntawushobora kubibabuza. Leta n'inzeho zayo birabaterera agacumu k'ubumwe muri icyo banga ry'ukurera. Leta n'inzeho zayo bibwirizwa gukingira urwaruka gucurwa bufuni na buhoro n'ugupfa umukeno.

Ingingo ya 18.

Umurundi wese arakwiye kuronka inyigisho, andero n'ubumenyi ata nkunzi ihabayeho, bitangirwa mu mashuri ya Leta n'ayandi. Abantu babishatse barashobora gushinga amashuri yabo babirekuriwe na Leta kandi ikayacungera.

Ingingo ya 19.

Umuntu wese, aba Umurundi canke umunyamahanga, arashobora kwitungira icyiye biciye mu mabwirizwa, ariko rero bikagira n'ico bimariye igihugu.

Ntawushobora kubimuterako atari nk'igihe Leta isanze ibikeneye canke igomba kurwanya ubugunge mu gihugu, na ho nyene ikamushumbusha bikwiye.

Igice ca II. Ibijwe Umurundi

Ingingo ya 20.

Ingingo zubahiriza zina muntu zemejwe mu gice gihurika, zikurikizwa biciye mu mabwirizwa aveye-

Art. 15.

Tous les Barundi ont le droit de se déplacer et de se fixer librement sur toute l'étendue de la République sous réserve des restrictions apportées par la loi.

Art. 16.

La liberté d'opinion, de religion, d'expression, le secret de correspondance, le droit de se réunir et de former des associations sont garantis dans le respect des formes et conditions déterminées par la loi.

Art. 17.

La famille, base naturelle de la société, est protégée par la loi.

Le mariage est organisé par la loi.

Les parents ont le droit naturel et le devoir d'éduquer leurs enfants. Ils sont soutenus dans cette tâche par l'Etat et les collectivités publiques. La protection de la jeunesse contre l'exploitation et le délaissement est une obligation pour l'Etat et les collectivités publiques.

Art. 18.

Tout citoyen a droit à l'égal accès à l'instruction, à l'éducation et à la culture. Il y est pourvu notamment par des écoles publiques. Des écoles privées peuvent être ouvertes avec l'autorisation et sous le contrôle de l'Etat.

Art. 19.

Le droit de propriété est reconnu à tous, Barundi et étrangers, sous réserve des prescriptions légales.

Il doit concourir à la prospérité générale.

Il ne peut y être porté atteinte que dans le cas de nécessité publique constatée ou en vue d'établir des rapports sociaux et économiques équitables entre les membres de la collectivité, sous réserve d'une indemnité équitable et dans les conditions déterminées par la loi.

CHAPITRE II.

Des devoirs du citoyen.

Art. 20.

Les droits reconnus par les dispositions du chapitre précédent s'exercent dans les conditions fixées par les lois prises pour leur application. Ils sont

rekeye. Ntawushobora kuzitwaza ashaka kurenge-nya abandi, gurtyoza imigenzo myiza, kudurumbanya igihugu, kugisambura, n'ukukibera intambanyi mw'iterambere.

Nta n'umwe ashobora kwitwaza ingingo z'Ibwirizwa-Shingiro canke izo ayandi mategeko ngo asambure ubumwe bw'Abarundi, anyenyagure igihugu, akinyage intahe, arondera guseniyura intwara ya Republika canke guca kubiri n'iri Bwirizwa-Shingiro.

Ingingo ya 21.

Umurundi wese arafise ibanga ajejwe kurangura mu murungu, mu gihugu, no mu zindi nzego zemejwe n'Ibwirizwa-Shingiro n'ayandi mabwirizwa.

Umurundi abwirizwa cane cane :

1. Gukoresha ingoga n'ubwenge afise mu guteza imbere igihugu kugira ntihagire uwoba akirya imitsi abandi, itunga ry'igihugu risabikanywe neza, bese bashobore kuronka ibibakwiye, baronke inyifisho ata nkenzi.
2. Guhoza imbere ibikorwa n'ugutanganya intererano zishingwa n'amabwirizwa, ku neza ya bese.
3. Gukingira n'ugukomeza ubumwe be n'ugufatana mu nda kw'abanyagihugu.
4. Gukingira n'ugukomeza intahe y'igihugu, kwubahiriza imbibe zaco, kuba intatangwa mu kukirwanira, nk'uko amabwirizwa abishinga.
5. Kwamiza ku mutima, mu mibano afitaniye n'abandi gukingira imico kama y'igihugu nukwitwararika ko abantu bese botunganirwa.

IKIGABANE CA III. UMUGAMBWE.

Ingingo ya 22.

Muri Republika y'Uburundi hemewe Umugambwe umwe rudende uhurikiyemwo abanyagihugu bese bavyifuza ukitwa « Umugambwe w'Abadasigana » (UPRONA).

Ingingo ya 23.

Ivyiyumviro ngenderwako vyawo mu vyerekeye intwara, itunga, imibano mu bantu n'imico kama y'igihugu bitomowe mu masezerano y'Umugambwe.

Amategeko Ngenderwako y'Umugambwe ni yo ashingira uburyo urungirijwe n'ingene ukora.

soumis aux seules restrictions nécessaires pour assurer le respect des droits d'autrui et satisfaire aux exigences légitimes de la morale, de l'ordre public et de la pérennité de l'Etat, ainsi qu'aux impératifs du développement économique.

Nul ne peut abuser des droits reconnus par la Constitution ou par la loi pour compromettre l'unité nationale, l'intégrité territoriale ou l'indépendance du Burundi, porter atteinte au régime républicain ou violer la présente Constitution.

Art. 21.

Chaque Murundi a des devoirs envers la famille et la société, envers l'Etat et les autres collectivités reconnues par la Constitution et la loi.

Le Murundi a, en particulier :

1° Le devoir de servir la communauté nationale en mettant ses capacités physiques et intellectuelles à son service en vue de contribuer au développement d'un système économique fondé sur l'éradication de l'exploitation de l'homme par l'homme, la juste répartition du revenu national, l'égal accès au bien-être matériel et à l'épanouissement intellectuel.

2° Le devoir de mettre en honneur le travail et de s'acquitter des contributions fixées par la loi pour la sauvegarde des intérêts fondamentaux de la société.

3° Le devoir de préserver et de renforcer l'unité nationale et la solidarité sociale.

4° Le devoir de préserver et de renforcer l'indépendance nationale et l'intégrité territoriale de la Patrie et, d'une façon générale, de contribuer à la défense de son pays, dans les conditions fixées par la loi.

5° Le devoir de veiller, dans ses relations avec la société, à la préservation des valeurs culturelles nationales et à la promotion de la santé morale de la société.

Titre III.

Du Parti.

Art. 22.

La République du Burundi adopte le principe du parti unique de masse, dénommé « Union pour le Progres National » (UPRONA).

Art. 23.

Ses options fondamentales en matière politique, économique, sociale et culturelle sont consignées dans la Charte du Parti.

L'organisation et le fonctionnement du Parti sont régis par ses Statuts.

Ingingo ya 24.

Umugambwe ni wo utororokanya kandi ugaserura iviyumviro n'ivyifuzo vy'abanyagihugu. Ni wo urongora intwari y'igihugu, ukaba isoko ry'ibikorwa vy'inkingi nshingwantwari zose z'igihugu kandi ukabucungera.

Ingingo ya 25.

Inzego nkuru z'umugambwe ni izi :

- Ikoraniro Kaminuza,
- Prezida w'Umugambwe,
- Komite Nkuru y'Umugambwe n'Ibiri Nshingwabikorwa vyayo.

Ingingo ya 26.

Ikoraniro Kaminuza ry'Umugambwe ni ryo rikurira izindi nzego zawo zose. Ni ryo ryerekana inzira ngenderwako mu vyerekeye intwari y'igihugu, imigenderanire yaco n'amakungu, rigashinga imigambi mikuru mikuru y'igihugu mu vy'ubutunzi n'imibano, rigatora Prezida w'Umugambwe na Komite Nkuru yawo.

Ingingo ya 27.

Prezida w'Umugambwe ni we ashinzwe gukurikirana irangurwa ry'imirimo yose y'Umugambwe. Ni we arongora kandi akaroranya ibikorwa vyose vya Komite Nkuru y'Umugambwe n'ivy'Ibiri Nshingwabikorwa.

Ingingo ya 28.

Komite Nkuru y'Umugambwe ni rwo rwego rukuru ruwungora mu gihe Ikoraniro Kaminuza ridadateranye.

Ni yo ikurikiza ingio n'ivyifuzo vyashikirijwe n'Ikoraniro Kaminuza, ikaraba ko leta irangura ivyo iryo Koraniro ryashinze, ikagenzura ko inzego z'Umugambwe zikora zisunze Amategeko Ngenderwako yawo.

Ibiri Nshingwabikorwa ni vyo bikurikirana irangurwa ry'ibishinzwe na Komite Nkuru y'Umugambwe.

IKIGABANE CA IV.

Umukuru w'igihugu n'inama nshikiranganji.

Igice ca I. UMUKURU W'IGIHUGU.

Ingingo ya 29.

Umukuru w'igihugu yitorerwa n'Abanyagihugu bo nyene ubwabo; akemezwa aronse amajwi arenga ica kabiri c'abitavye itora. Itora ry'Umukuru w'igihugu riba hasigaye iminsi itarenga mirongo ine kandi ntibe muni ya mirongo ibiri kugira ngo ikiringo c'uwuhasanze kirangire.

Art. 24.

Le Parti canalise et reflète les aspirations profondes du peuple. Il oriente la politique générale du pays, inspire et contrôle l'action de toutes les institutions de l'Etat.

Art. 25.

Les principaux organes du Parti sont : le Congrès National, le Président du Parti, le Comité Central et le Bureau Politique.

Art. 26.

Le Congrès National est l'instance suprême du Parti.

Il trace la ligne fondamentale en matière de politique intérieure et extérieure, fixe les grandes orientations du développement économique et social, et élit le Président du Parti et le Comité Central du Parti.

Art. 27.

Le Président du Parti veille à la bonne marche générale du Parti. Il dirige et coordonne toutes les activités du Comité Central et du Bureau Politique.

Art. 28.

Le Comité Central est l'organe supérieur de direction du Parti entre les Congrès Nationaux.

Il veille à l'application des décisions et des résolutions du Congrès National, contrôle l'exécution par le Gouvernement de la politique déterminée par le Congrès et veille au fonctionnement des organes du Parti conformément à ses Statuts.

Le Bureau Politique est l'organe d'exécution du Comité Central.

Titre IV.

Du Président de la République et du Gouvernement

CHAPITRE I.

Du Président de la République.

Art. 29.

Le Président de la République est élu au suffrage universel direct et à la majorité absolue des voix exprimées. L'élection a lieu vingt jours au moins et quarante jours au plus avant l'expiration du mandat du Président en exercice.

Le Président du Parti Uprona est le seul candidat à la Présidence de la République. S'il n'obtient pas la majorité des voix exprimées, il sera pourvu à l'é-

Prezida w'Umugambwe UPRONA ni we wenyene yemerewe kwitoza ngo abe Umukuru w'Igihugu. Igihe adakwije amajwi, itora rindi rya Prezida w'Umugambwe n'iry'Umukuru w'Igihugu riba mu misi mirongo itandatu ikwirikira.

Umukuru w'Igihugu amara muri iryo banga imyaka itanu. Ibwirizwa ni ryo riringaniza uburyo Umukuru w'Igihugu atorwa.

Ingingo ya 30.

Imbere y'ugutangura kurangura ibanga ryiwe, Umukuru w'Igihugu abanza kurahira imbere y'gisurukiye na Komite Nkuru y'Umugambwe be n'Inama Nshingamateka ati : « Ndarahiye imbere y'Abarundi bese, bo bene igihugu, ko ntazotirigana kw'Ibwirizwa-Singiro, uzoharanira ntiziganya ineza y'Uburundi, n'Abarundi iterambere ry'igihugu n'ubutungane mu mibano, kandi nzokwubahiriza ubumwe, imbibe n'ukwikukira kwa Republika y'Uburundi ».

Ingingo ya 31.

Umukuru w'Igihugu akaba n'Umukuru w'Inama Nshikiranganji ni we Sebumwe mu gihugu, ni we yubahiriza Ibwirizwa-Shingiro, akarazwa ishingira n'uko Uburundi buhangama kandi burongorwa nk'uko bitegekanijwe. Ni we aserukira igihugu muri ivyo vyose bicega.

Ni we Nkinzo y'intaha n'imbibe z'igihugu, kandi yubahiriza amasezerano kigiranira n'amakungu.

Ingingo ya 32.

Ububasha bw'ukurikizwa ry'amabwirizwa buhagaze ku Mukuru w'Igihugu, bwiserurira mu mategeko ashinga.

Ingingo ya 33.

Umukuru w'Igihugu ni we arongora intwari y'igihugu nk'uko yashinzwe n'Amasezerano y'Umugambwe be n'Ikoranira Kaminuza ryawe, igatomorwa na Komite Nkuru y'Umugambwe.

Aracungera ikurikizwa ry'amabwirizwa n'imanza zicibwa. Ni we Mukuru w'Intwaramiheto, kandi ni we agena abakozi bakuru bakuru muri Leta no mu Ntwaramiheto.

Ni we afata ingingo yo kugomora ingabo akongera agashira igikumu ku masezerano yo kubangurukanya.

Ni we atuma akongera agahamagaza abavugizi-bishikira n'izindi ntumwa mu makungu, akakira kandi agasezerera abavugizi-bishikira b'ibindi bihugu hamwe n'intumwa zihambaye zivuye mu makungu.

lection du nouveau Président du Parti Uprona et à l'élection du Président de la République dans les soixante jours.

Le mandat du Président de la République est de cinq ans.

Les modalités de l'élection du Président de la République seront fixées par la loi.

Art. 30.

Avant d'entrer en fonction, le Président de la République prête, devant la Nation représentée par le Comité Central du Parti et l'Assemblée Nationale, le serment suivant :

« Devant le peuple burundais, seul détenteur de la souveraineté nationale, je jure fidélité à la Constitution et m'engage à consacrer toutes mes forces à défendre les intérêts supérieurs de la Nation, à promouvoir le développement national et la justice sociale, et à sauvegarder l'unité, l'intégrité et l'indépendance de la République du Burundi ».

Art. 31.

Le Président de la République, Chef de l'Etat et du Gouvernement, incarne l'unité nationale, veille au respect de la Constitution, à la continuité de l'Etat et au fonctionnement régulier des pouvoirs, et représente l'Etat dans tous les actes de la vie publique.

Il est le garant de l'indépendance nationale, de l'intégrité du territoire, du respect des traités et accords internationaux.

Art. 32.

Le Président de la République a la plénitude du pouvoir exécutif qu'il exerce par décret.

Art. 33.

Le Président de la République conduit la politique générale de l'Etat telle que déterminée par la Charte du Parti et le Congrès National et définie par le Comité Central du Parti.

Il veille à l'exécution des lois et des décisions de justice.

Il est le Chef des armées et nomme aux emplois civils et militaires.

Il déclare la guerre et signe l'armistice.

Il accrédite et rappelle les ambassadeurs et les envoyés extraordinaires auprès des Etats étrangers et reçoit les lettres de créances et de rappel des ambassadeurs et envoyés extraordinaires des Etats étrangers.

Arashobora kugirira ikigongwe abazirwe ibihano ruhanda.

Ni we atanga ibidari n'ibindi bimenyetso biranga abatewe iteka u'igihugu.

Igingo ya 34.

Mu gihe inkongi Nahingwantwari, intaha n'ineza y'igihugu, imibye zaco n'ukurikizwa ry'amasezerano gufitanyo n'amakungu biri mu magame, Umukuru w'igihugu arashobora gushinga itegoko-bwirizwa ryo kumera umugabo, kandi agafata n'izindi ngingo abona ko zikonywe. Arabera akabimenyeshya Komite Nkuru y'Umugambwe, bishobotse mu maguru mashya, akannabishikiriza igihugu.

Igingo ya 35.

Umukuru w'igihugu arashobora kwitwara mu yandi mubanga kiretse ayashinzwe n'ingingo ya 27 ibanga ryawe utashobora kubangikanywa n'awundi murinzi canke n'uwaga awo ari wo wose.

Igingo ya 36.

Igihe atari ho ari canke hagize ikimufatira cane, Umukuru w'igihugu arashobora kugena uwomugirira mu kibanza, akabimushingira izese.

Mu gihe Umukuru w'igihugu atanze imihoho, asambaye, nandye hari iyindi muho ari yo yose (ubwoba, ibangata, ibanga ryiwe, abari muri Komite Nkuru y'Umugambwe n'Abashingamateka b'ica bakorana, bagatwara uwomusubirira, bamushikirije n'ubwo Nahingwabikorwa vya Komite Nkuru y'Umugambwe. Yemerwa ryose atowe n'abarenga umu kabiri n'ababaye icyo teranira.

Mu gutanga imihoho, Umukuru w'igihugu abishikiriza Komite Nkuru y'Umugambwe.

Sentare Ntahinyuzwa, ishashwemwo Abacamanu bose bayagize, ni yo yemera ko igihugu kidafise Umukuru waco.

Umunyamabanga Mukuru w'Umugambwe, akimanya ityashinzwe na Sentare Ntahinyuzwa, aca akoranywa Komite Nkuru y'Umugambwe n'Inama Nshingamateka.

Nyuma guturwa aca amarira igihe awo asubiriye yari abagaye, aho abubasha bwose bwa Prezida w'Umugambwe n'ubw'Umukuru w'igihugu.

Imbere y'ako haza ry'Umukuru w'igihugu riba nk'uko igihamba ca kabiri cyi ngingo kibiringaniza, Umunyamabanga Mukuru w'Umugambwe ni we aba akabaye mu kirungo c'Umukuru w'igihugu. Mugabo atashobora guhindura Abashatiranganji.

Umunyamabanga Mukuru w'Umugambwe atakabaye canke atarirwe n'ibindi, Umukuru w'Inama Nshingamateka ni we amusubirira mu mabanga atomowe mu gihamba ca gataru n'ic'indwi vy'iyi ariho.

Il a le droit de grâce

Il confère les ordres nationaux et les décorations de la République.

Art. 34.

En cas de péril grave et immédiat menaçant les institutions de la République, l'indépendance ou l'intérêt supérieur de la Nation, l'intégrité du territoire ou l'exécution des engagements internationaux, le Président de la République peut proclamer par décret-loi l'état d'exception et prendre toutes mesures qu'il juge nécessaires. Il en avise le Comité Central du Parti aussitôt que possible et en informe la nation par message.

Art. 35.

Les fonctions de Président de la République sont incompatibles avec l'exercice de toute fonction publique élective, autre que celle prévue à l'article 27, de tout emploi public et de toute activité professionnelle.

Art. 36.

En cas d'absence ou d'empêchement temporaire, le Président de la République peut désigner l'autorité chargée d'exercer temporairement ses fonctions dans le cadre d'une délégation expresse.

En cas de vacance pour cause de démission, de décès ou de toute autre cause de cessation de ses fonctions, le Président est remplacé par une personne élue, sur présentation du Bureau Politique du Parti, à la majorité absolue des membres présents du comité Central du Parti et de l'Assemblée Nationale réunis.

La démission est adressée au Comité Central du Parti.

La vacance est constatée par la Cour Suprême siégeant toutes chambres réunies.

Le Secrétaire Général du Parti convoque les organes cités à l'alinéa 2 du présent article dès l'annonce de la décision de la Cour Suprême.

La personne ainsi élue achève le mandat en cours et exerce la plénitude des pouvoirs conférés au Président du Parti et au Président de la République.

Avant l'élection du Président suivant les modalités fixées à l'alinéa 2 du présent article, le Secrétaire Général du Parti assume la continuité des pouvoirs du Président de la République. Il ne peut toutefois pas modifier la composition du Gouvernement.

En cas d'absence ou d'empêchement du Secrétaire Général du Parti, le Président de l'Assemblée Nationale remplace celui-ci dans les charges citées aux alinéas 5 et 7 du présent article.

Ingingo ya 37.

Umukuru w'Igihugu atanze imihoho, asandavye canke hakaba ikindi kintu kimutesha kurangura ibanga ryiwe, Inama Nshikiranganji nta bubasha iba igifise mugabo irabandanya ibikorwa nkenerwa gushika hashinzwe iyindi.

Ingingo ya 38.

Ikiringo ciwe kirangiye, Umukuru w'Igihugu aratekanyirizwa agashimwe, akaguma ahabwa icyubahiriro kimukwiye nk'uko biringanijwe n'amabwirizwa, kiretse icyo bigaragara ko yahemutse kw'ibanga.

Igice ca II.*Inama Nshikiranganji.*

Ingingo ya 39.

Inama Nshikiranganji ni rwo rwego nshingwanwawo rukuru mu gihugu, ni yo irangura imigambi yose y'igihugu, irongowe n'Umukuru waco.

Itegekwa n'Umukuru w'igihugu akaba ari na we ashikiriza icyo irangura.

Ingingo ya 40.

Umukuru w'Igihugu ni we agena Abashikiranganji, akabashinga ibikorwa akongera akababogozwa. Arashobora gutuma Abashikiranganji kurangura imirimo imwe imwe imwe.

Amategeko ashingira n'amabwirizwa ashikiriza igihugu yishimikije ingingo ya 56, ashirwako igikumu n'Abashikiranganji bashinzwe kuyakurikiza.

Ingingo ya 41.

Umukuru w'Igihugu ni we arongora Inama y'Abashikiranganji.

Ibi bikurikira bitegerezwa kwihwezwa n'icyo nama:

- Ingingo nkuru nkuru zerekeye intwari y'igihugu ;
- Integuro z'amabwirizwa ;
- Amategeko akurikiza amabwirizwa.

Ikigabane ca V.*Inama Nshingamateka.*

Ingingo ya 42.

Inama iserukira abanyagihugu igizwe n'igisata kimwe rudende citwa « Inama Nshingamateka » uh'irikiwemo n'Abashingamateka.

Art. 37.

En cas de démission, de décès du Président de la République ou de toute autre cause de cessation de ses fonctions, le Gouvernement est réputé démissionnaire et assure l'expédition des affaires courantes jusqu'à la formation du nouveau gouvernement.

Art. 38.

A l'expiration de ses fonctions, le Président de la République a droit, sauf en cas de trahison dûment établie, à une pension et à tous autres privilèges et facilités déterminés par la loi.

CHAPITRE II.**Du Gouvernement.**

Art. 39.

Le Gouvernement, organe supérieur de l'Administration de l'Etat, exécute la politique générale de l'Etat conformément aux directives du Président de la République.

Il est responsable devant ce dernier à qui il rend compte de son activité.

Art. 40.

Le Président de la République nomme les Ministres, fixe leurs attributions et met fin à leurs fonctions. Il peut déléguer certains pouvoirs aux Ministres. Les décrets qu'il prend, ainsi que les lois qu'il promulgue conformément aux dispositions de l'article 56, sont contresignés par les Ministres chargés de leur exécution.

Art. 41.

Le Président de la République préside le Conseil des Ministres.

Celui-ci délibère obligatoirement :

- des décisions portant sur la politique générale de l'Etat ;
- des projets de lois ;
- des décrets et des ordonnances réglementaires.

Titre V.*De l'Assemblée Nationale.*

Art. 42.

Le Parlement est constitué par une assemblée unique dite « Assemblée Nationale » dont les membres portent le titre de « Représentant ».

Ingingo ya 43.

Abashingamateka bitorerwa n'abanyagihugu bo nyene ubwabo bakurikije ibwirizwa ribiringaniza.

Ariko kugira ngo abo bose baharanira amajambere bame baserukirwa bikwiye, nk'urwaruka, abakozi, incabwenge, abakenyezi, Umukuru w'Igihugu aragenda ica gatanu c'Abashingamateka, ashimikiye ku migabo y'ugukomeza intwari rusangi ijanywe n'iri Bwirizwa-Shingiro.

Ivyerekeye igitigiri c'Abashingamateka, abitoza n'uburyo batorwa, imirimo itabangikanywa n'iryo banga, agashirukabute n'agateka bahabwa, ingene basubira gutorwa mu gihe habaye uwuvuyemwo, ivyo vyose biringanizwa n'ibwirizwa.

Abashingamateka batorwa uko imyaka itanu iheze.

Ingingo ya 44.

Ibanga ry'Abashingamateka rirangurwa ku bw'igihugu. Umushingamateka ntaserukira bene kumutora gusa ; arangura ibanga ryiwe aserukira abanyagihugu bose. Umushingamateka wese arivugira mu nama, kiretse iyo yatumye umuserukira akwirikije uko amabwirizwa abiringaniza.

Abashingamateka ntibashobora gukurikiranwa, gufatwa, gutabwa mu ngoyi canke guhanirwa ivyiyumviro baseruye n'amajwi batanze mu gihe barangura ibanga ryabo. Turetse iyo bakoze icaha imbona, nkubone, Abashingamateka bari mw'ikoraniro ntibashobora gukurikiranwa bitarekuwe n'umurwi Nshingwabikorwa w'Inama Nshingamateka.

Igihe batari mw'ikoraniro, ntibashobora gufatwa bitarekuwe n'umurwi Nshingwabikorwa w'Inama Nshingamateka, kiretse iyo bakoze icaha c'imbona nkubone, canke birekuwe ko bakurikiranwa, be n'iyi baciriwe igihano c'intahava.

Ingingo ya 45.

Inama Nshingamateka ni yo yemeza amabwirizwa ikongera igashinga ikori.

Ingingo ya 46

Ibiringanizwa n'amabwirizwa ni ibi :

1. Ivyubahiriza Umurundi wese n'ivyo ajejwe ;
 - Gukingira ukwishira n'ukwizana kwa muntu ;
 - Kwubahiriza zina muntu ;
 - Gutomora ivyo Umurundi wese ajejwe kw'ibanga ryo gukorera igihugu, ryo kikirwanira kandi n'iryo kugiteza imbere ;
 - Kuringaniza ivy'akazi n'amashirahamwe akerekeye.

Art. 43.

Les représentants sont élus au suffrage universel direct suivant les modalités fixées par la loi.

Toutefois, dans le souci d'assurer la pleine représentation des forces sociales du progrès notamment les jeunes, les travailleurs, les intellectuels, les femmes, et en rapport avec l'idéal démocratique inspiré de la présente Constitution, le Président de la République désigne 1/5 des membres de l'Assemblée Nationale.

La loi fixe le nombre de représentants, les conditions d'éligibilité, le régime des incompatibilités, celui des indemnités et des privilèges, les conditions dans lesquelles de nouvelles élections sont organisées en cas de vacance de siège.

La durée de la législature est de cinq ans.

Art. 44.

Le mandat des représentants est de caractère national. Tout mandat impératif est nul. Le vote des représentants est personnel, sauf délégation spéciale et limitée dans les conditions déterminées par la loi.

Les représentants ne peuvent être poursuivis, recherchés ou arrêtés, détenus ou jugés pour des opinions ou votes émis à l'occasion de l'exercice de leurs fonctions.

Sauf en cas de flagrant délit, les représentants ne peuvent, pendant la durée des sessions, être poursuivis qu'avec l'autorisation du Bureau de l'Assemblée Nationale.

Les représentants ne peuvent, hors session, être arrêtés qu'avec l'autorisation du Bureau de l'Assemblée Nationale, sauf le cas de flagrant délit de poursuite autorisée ou de condamnation définitive.

Art. 45.

L'Assemblée Nationale vote la loi et lève les impôts et taxes.

Art. 46.

Sont du domaine de la loi :

- 1° Les garanties et obligations fondamentales du citoyen :
 - sauvegarde de la liberté individuelle ;
 - régime des libertés publiques ;
 - devoirs et obligations du citoyen en fonction des impératifs d'allégeance à la Patrie de la défense nationale et du développement du pays ;
 - législation du travail et syndicale.

2. Amabwirizwa aranga abantu n'ivyabo :
 - Ibiraba akaranga k'Umurundi n'ibiranga zina muntu ;
 - Ivyerekeye amatungo ;
 - Iringanizwa ry'ivy'abubatse, ibisigi, n'igabwa ryavyo ;
 - Ivyerekeye amasezerano y'amatungo n'ubudandaji.
3. Itunganywa ry'Intwaro, Ubutegetsi n'Ubutungane :
 - Ingene igihugu kiringanijwe, kuba mu nzego zaco nkuru gushika kuri ntoyi ;
 - Ivy'itora ;
 - Ingene igihugu kirarirwa n'Intwaramiheto ;
 - Gushinga Amasentare, kugena urutonde rw'ivyaha, hamwe n'amabwirizwa yerekeye imanza ;
 - Ingingo nkuru nkuru zerekeye abakozi ba Leta.
4. Ivyerekeye Itunga ry'Igihugu :
 - Gufyatura amafanga ;
 - Gushinga amafanga y'Ikigega ca Leta ;
 - Gushinga ivy'ikori ;
 - Kuringaniza ivy'amatungo ya Leta.
5. Ivyerekeye inyigisho.
6. Ishingwa ry'imigambi ngenderwako yerekeye Ubutunzi n'Imibano. Ibitari muri uru rutonde biringanizwa n'amategeko.

Ingingo ya 47.

Amabwirizwa ashingwa iyo yemejwe n'Abashingamateka barenga ica kabiri c'abitavye ikoraniro :

Amabwirizwa ngenderwako yemezwa na babiri mu kuri batatu mu baje.

Ariko Abashingamateka ntibashobora gukorana iyo hatitavye babiri kuri batatu b'abagize Inama Nshingamateka.

Ingingo ya 48.

Mw'ikoraniro ryayo rya mbere, Inama Nshingamateka iragena Umurwi Nshingwabikorwa ugizwe n'Umukuru wayo, Icegera ciwe n'abandi bafasha bakenewe.

Ingingo ya 49.

Inama Nshingamateka ikorana kabiri mu mwaka. Ikoraniro rimwe ntirishobora kurenza amezi abiri.

Umukuru w'igihugu canke iya gatatu bibiri vy'Abashingamateka bashobora gutumako amakoraniro adasanze ategakanijwe atarenza iminsi cumi-n'itanu.

2° Le statut des personnes et des biens :

- nationalité et statut personnel ;
- régime de la propriété ;
- régime matrimonial, successions et libéralités ;
- régime des obligations civiles et commerciales.

3° L'organisation politique, administrative et judiciaire :

- organisation des collectivités territoriales et locales ;
- régime électoral ;
- règles générales d'organisation de la défense nationale ;
- création des ordres de juridiction, détermination des crimes et délits, règles de procédure judiciaire ;
- principes généraux de la fonction publique.

4° Les questions financières et patrimoniales concernant :

- le régime d'émission de la monnaie ;
- le budget de l'Etat ;
- la définition de l'assiette et du taux des taxes et impôts ;
- la gestion du domaine de l'Etat.

5° Le régime de l'enseignement.

6° Les objectifs de l'action économique et sociale définis dans les lois de programme.

Les autres matières autres que celles qui sont du domaine de la loi ont un caractère réglementaire.

Art. 47.

Les lois sont votées à la majorité absolue des représentants présents ; les lois organiques sont votées à la majorité des deux-tiers des représentants présents. Le quorum requis pour les séances de l'Assemblée Nationale est de deux-tiers des représentants.

Art. 48.

L'Assemblée Nationale élit, dès sa première réunion le Bureau composé du Président, d'un Vice-Président et d'autant de membres que de besoin.

Art. 49.

L'Assemblée Nationale se réunit chaque année en deux sessions ordinaires. La durée totale de chaque session ne peut excéder deux mois.

Les sessions extraordinaires, ne dépassant pas une durée de quinze jours, peuvent être convoquées à la demande du Président de la République ou à celle des deux-tiers des représentants.

Ingingo ya 50.

Uburyo Inama Nshingamateka irangura ibanga riyega buringanizwa n'ibwirizwa yishingiye yo nyene.

Ingingo ya 51.

Ibwirizwa rirashobora gushinga n'ugutunganya Umurwi Ncungerabigega ugenzura ikoreshwa ry'amafranga y'igihugu.

Uwo murwi urashikiriza Inama Nshingamateka icegeranyo cerekeye ingene ikigega ca Leta gikore-shwa.

Ikigabane ca VI.

Ingene Inama Nshingamateka n'Inama Nshikiranganji bikorana.

Ingingo ya 52.

Ububasha bw'ugutegura amabwirizwa bufiswe n'Umukuru w'Igihugu n'Inama Nshingamateka.

Ingingo ya 53.

Igihe Inama Nshingamateka idakoranye canke idashobora gukorana, n'iyi vyihutirwa, Umukuru w'Igihugu, afatanije n'Inama y'Abashikiranganji arashobora gushinga amategeko-bwirizwa aringaniza ibiri mu rwego rw'amabwirizwa.

Ariko ayo mategeko-bwirizwa, naho aca akwirikizwa akimenyeshwa, ategerezwa kwemezwa n'Inama Nshingamateka, kiretse iyo yerekeye ivyo ingurane iva mu mahanga.

Ingingo ya 54.

Inama Nshingamateka hamwe n'Umukuru w'Igihugu barafise ububasha bwo guhindura integuro z'amabwirizwa zishikirizwa n'Abashikiranganji canke Abashingamateka.

Ivyo Umukuru w'Igihugu yifuza ko bihinduka bishikirizwa n'umwe mu Bashikiranganji.

Integuro y'ibwirizwa Inama Nshingamateka ishikirije canke ihinduye ntizishobora kwemerwa mu gihe zotuma ikigega ca Leta kigabanuka canke kigasohora ibirengeye, kiretse Inama Nshingamateka yerekanye ivyosubizwamwo.

Art. 50.

L'Assemblée Nationale adopte, sous forme de loi, le règlement intérieur fixant les règles de son organisation et de son fonctionnement.

Art. 51.

Une Cour des Comptes, chargée de l'examen, de la liquidation et de l'arrêté des comptes de tous les services publics, peut être créée et organisée par la loi.

La Cour des Comptes soumet à l'Assemblée Nationale un rapport sur la régularité du compte général de l'Etat.

Titre VI.

Des rapports entre le législatif et l'exécutif.

Art. 52.

L'initiative des lois appartient concurremment au Président de la République et à l'Assemblée Nationale.

Art. 53.

Dans l'intervalle de sessions, en cas d'urgence ou lorsque l'Assemblée Nationale se trouve dans l'impossibilité de siéger, le Président de la République peut prendre, par voie de décret-lois délibérés en Conseil des Ministres, des mesures relevant du domaine de la loi.

Toutefois, ces décret-lois, qui entrent en vigueur dès leur publication, sont soumis, hormis ceux touchant l'emprunt extérieur, à la ratification de l'Assemblée Nationale.

Art. 54.

L'Assemblée Nationale et le Président de la République ont le droit d'amendement sur les projets de lois du Gouvernement et les propositions des lois des membres de l'Assemblée Nationale.

Les amendements du Président de la République sont présentés par un membre du Gouvernement.

Les propositions et amendements formulés par l'Assemblée Nationale ne sont pas recevables lorsque leur adoption aurait pour conséquence, soit une diminution importante des ressources publiques, soit la création ou l'aggravation d'une charge publique importante, à moins que ces propositions ou amendements ne soient assortis de propositions de recettes compensatrices.

Ingingo ya 55.

Umukuru w'Igihugu, abanje guhanuza Komite Nkuru-y'Umugambwe n'umurwi Nshingwabikorwa w'Inama Nshingamateka, arashobora kubaza ico abanyagihugu biyumvira ko nteguro y'umugambi uwo ari wo wose, n'aho woba mu rwego rw'amabwirizwa, mu gihe usa n'uwogira inkurikizi zihambaye kuri kazoza k'Igihugu canke ku nkingi nshingwantwano za Republika.

Ibwirizwa riraringaniza uburyo abanyagihugu batumwako ngo biserurire ico biyumvira.

Ingingo ya 56.

Umukuru w'Igihugu ashira igikumu ku mabwirizwa yemejwe n'Inama Nshingamateka mu ndagano y'imisi mironko itatu kuva igihe ayashikirijwe, hamwe adasavye ko isubira kuyanonosora, canke ngo atume Sentare Ntahinyuzwa nkuko bitegekanyijwe n'ingingo ya 68 y'iri Bwirizwa-Shingiro.

Basubiye kuryihweza, ntibarihindure, ntirishobora gushingwa ritemejwe na babiri kuri batatu mu Bashingamateka bitavye ikoraniro.

Ingingo ya 57.

Umukuru w'Igihugu ashikiriza ivyiyumviro vyawe Inama Nshingamateka mw'ijambo yivugira ubwiwe canke arungikana intumwa yiwe. Iryo jambo Abashingamateka ntibariharirako.

Ingingo ya 58.

Inama Nshingamateka, irashobora kubaza, ku munwa canke ku nzandiko, ibirangurwa n'Inama Nshikiranganji kandi ni ngombwa ngo ibironkere inyishu. Irashobora kandi kugena imirwi y'abagenzura ingene ibikorwa bimwe bimwe birangurwa.

Abashingamateka barafise ububasha bwo kwihweza mu nama ibirangurwa n'Inama Nshikiranganji be n'imigambi yayo.

Ingingo ya 59.

Umukuru w'Igihugu agomba gushikirizwa urutonde rw'ibizokwihwezwa mu Makoraniro y'Inama Nshingamateka be n'ay'imirwi yayo.

Abashikiranganji barashobora kuja muri ayo makoraniro, bagahabwa ijambo igihe cose barisavye

Ingingo ya 60.

Umukuru w'Igihugu, abanje guhanuza Komite Nkuru y'Umugambwe, arashobora gukura Inama Nshingamateka.

Itora ry'abandi Bashingamateka riraheza rikaba mu mezi ane akurikirà.

Art. 55.

Le Président de la République, après consultation du Comité Central et du Bureau de l'Assemblée Nationale, peut soumettre au référendum tout projet de réforme qui, bien que relevant du domaine de la loi, serait susceptible d'avoir des répercussions profondes sur l'avenir de la Nation ou sur les institutions de la République.

La loi détermine la procédure du référendum.

Art. 56.

Le Président de la République promulgue les lois adoptées par l'Assemblée Nationale dans un délai de trente jours à compter de leur transmission, s'il ne formule aucune demande de seconde lecture ou ne saisit la Cour Suprême conformément à l'article 68.

La demande d'un nouvel examen peut concerner le tout ou partie de loi.

Après une deuxième lecture, le même texte ne peut être promulgué que s'il a été voté à une majorité des deux-tiers des représentants présents.

Art. 57.

Le Président communique avec l'Assemblée Nationale par voie de message qu'il prononce ou fait lire. Ces communications ne donnent lieu à aucun débat.

Art. 58.

L'Assemblée Nationale peut s'informer sur l'activité du Gouvernement par la voie des questions orales ou écrites avec droit de réponses, ou en constituant des commissions d'enquêtes sur des objets déterminés.

Les représentants ont le droit de débattre de l'action et de la politique du Gouvernement.

Art. 59.

Le Président de la République doit être informé de l'ordre du jour des séances de l'Assemblée Nationale et de ses commissions.

Les Ministres peuvent assister aux séances de l'Assemblée Nationale et des commissions. Ils y prennent la parole chaque fois qu'ils en expriment le désir.

Art. 60.

Le Président de la République peut, après consultation du Comité Central du Parti, prononcer la dissolution de l'Assemblée Nationale.

Les élections ont lieu dans les quatre mois qui suivent la dissolution.

Ikigabane ca VII.*Ububasha bwa Sentare.***Ingingo ya 61.**

Mu gihugu cose, Sentare zica imanza kw'izina ry'Abarundi bose.

Ibanga na ryo ry'ugushinga n'ugushikiriza imanza z'ivyaha rirangurwa n'Abashikirizamanza.

Ingingo ya 62.

Iringanizwa n'ububasha bwa Sentare bishingwa n'ibwirizwa.

Ingingo ya 63.

Intahe ya Sentare ikubitwa iceše. Ariko Sentare zirashobora gutaramura, biciye mu ntahe, abo urubanza ruterekeye, iyo ukuburanisha icese bishobora gutosekaza umutekano canke imico ibereye igihugu.

Ingingo ya 64.

Urubanza rwose rupfundikwa rufise imvo n'imvano, kandi rugashikirizwa icese.

Ingingo ya 65.

Abagize Komite Nkuru y'Umugambwe, Abashingamateka, Abashikiranganji n'abandi bantu itegeko rigena, bacirwa imanza z'ibihano na Sentare Ntahinyuzwa. Iyi ngingo ariko ntibuza iya 71 y'iri Bwirizwa-Shingiro gukurikizwa.

Ingingo ya 66.

Mu kurangura ibanga ryabo, Abacamanza bisungana Ibwirizwa-Shingiro n'amabwirizwa vyonyene.

Ingingo ya 67.

Umukuru w'Igihugu ni we Nkinzo yUkwishira n'Ukwizana kw'intahe y'Abacamanza. Abifashwa n'Inama Nkuru y'Abacamanza n'Abashikirizamanza. Ibwirizwa ni ryo rigena abayigize, rikayitunganya rikongera rigashinga uburyo irangura ibanga riyega.

Ingingo ya 68.

Sentare Ntahinyuzwa ni yo Kaminuza mu Burundi Ni yo icungera ko ayandi masentare akurikiza amabwirizwa.

Sentare Ntahinyuzwa irimwo ibisata bikurikira :
— Gasamburamanza yakira imanza zitakigira iyungururizo, ariko iziciwe n'Amasentare asasa

Titre VII.*De l'autorité judiciaire.***Art. 61.**

La justice est rendue par les cours et tribunaux sur tout le territoire de la République au nom du peuple burundais. Le rôle et les attributions du Ministère Public sont remplis par les magistrats des parquets.

Art. 62.

L'organisation et la compétence judiciaires sont fixées par la loi.

Art. 63.

Les audiences des juridictions sont publiques, sauf en cas de huis-clos prononcé par décision judiciaire lorsque la publicité est dangereuse pour l'ordre public ou les bonnes mœurs.

Art. 64.

Toute décision judiciaire est motivée ; son dispositif est prononcé en audience publique.

Art. 65.

Les membres du Comité Central du Parti, les représentants, les membres du Gouvernement ainsi que les autres personnes que la loi détermine sont, en matière répressive, justiciables, en premier et dernier ressort, de la Cour Suprême, sous réserve des dispositions de la loi prévue à l'article 71.

Art. 66.

Dans l'exercice de leurs fonctions, les juges ne sont soumis qu'à la Constitution et à la loi.

Art. 67.

Le Président de la République est garant de l'indépendance de la Magistrature. Il est assisté, dans cette mission, par le Conseil Supérieur de la Magistrature dont la composition, l'organisation et le fonctionnement sont déterminés par la loi.

Art. 68.

La Cour Suprême est la plus haute juridiction de la République. Elle est garante de l'application de la loi par les Cours et Tribunaux.

Elle comprend :

— Une Chambre de Cassation qui connaît des recours en cassation contre les décisions rendues en

mu matati arimwo Leta n'ingingo zayo ntiziye-
shikira kiretse ibwirizwa ribirekuye ;

Igisata cihweza imanza zaciwe, na Sentare zi-
buranisha Leta n'inzego zayo ;

Igisata gicira manza zibihano Abanyamabanga
b'igihugu n'abandi bakuu bakukira Sentare
Ntahinyuzwa yonyene, kiretse iyo bagirizwa
ivyaha bihungabanya umutekano mu gihugu ;

Igisata kigenzura, bisabwe n'Umukuru w'Igi-
hugu canke n'Inama Nshingamateka, ko ama-
bwirizwa afatwa, n'amasezerano Uburundi bugiri-
ranira n'amakungu, bidacye kubiri n'Ibwiri-
zwa-Shingiro ; ico Gisata gisanze ibwirizwa ri-
ciye kubiri n'Ibwirizwa-Shingiro ntiriterwako igi-
kumu ngo rikurikizwe.

bwirizwa ni ryo riringaniza ingene Sentare Nta-
yuzwa n'ibisata vyayo birangura ibanga ryavyo.

Ingingo ya 69.

Ik'uko ingingo ya 36 ibivuga, Sentare Ntahinyu-
ze, ishahemwo Abacamanza bagize ibisata vyayo
se ni yo yemeza ko igihugu kitagifise Umukuru
w'igihugu.

Ingingo ya 70.

Irubanza rwa Sentare Ntahinyuzwa ntirugira
ngururizo, kiretse aho ikigongwe c'Umukuru
w'igihugu.

Ingingo ya 71.

bwirizwa rirashinga Sentare Nziramugumuko yi-
za ivyaha vyerekeye ibihungabanye umutekano
mu gihugu.

Ikiyabane ca VIII.

Amasezerano y'uburundi n'amakungu.

Ingingo ya 72.

Umukuru w'igihugu ni we ajejwe kurongora ina-
zitegura amasezerano y'Uburundi n'amakungu.
we ashira igikumu kuri ayo masezerano akemeza
akurikizwa.

Ingingo ya 73.

Uburundi burashobora gushinga amashirahamwe
atanije n'ibindi bihugu, ari ayo gutunganiriza
nwe ubutunzi bwavyo canke ay'ugufashanya.
burashobora kandi kwunga ubumwe n'amakungu.

dernier ressort par les juridictions, autres que les
juridictions administratives, sauf disposition expres-
se contraire de la loi ;

— Une Chambre Administrative qui statue sur les
recours contre les décisions rendues par les juridic-
tions administratives ;

— Une Chambre Judiciaire qui connaît des infrac-
tions commises par les mandataires politiques ou
publics justiciables en premier et dernier ressort de
la Cour Suprême à l'exception des crimes et délits
contre la Sûreté de l'Etat ;

— Une Chambre Constitutionnelle qui statue sur
la constitutionnalité des lois et des engagements
internationaux, à la demande du Président de la
République ou de l'Assemblée Nationale ; une loi
déclarée non conforme à la Constitution ne peut pas
être promulguée.

La loi détermine la composition, l'organisation,
les règles de fonctionnement et la procédure ap-
plicable devant chacune des Chambres.

Art. 69.

Toutes chambres réunies, la Cour Suprême cons-
tate la vacance de la Présidence de la République
suivant le prescrit de l'article 36.

Art. 70.

Les décisions de la Cour Suprême ne sont suscep-
tibles d'aucun recours, si ce n'est en grâce.

Art. 71.

La loi organise une Cour de Sûreté de l'Etat char-
gée de connaître des infractions qualifiées d'atteinte
à la sûreté de l'Etat par le code pénal.

Titre VIII.

Des traités et accords Internationaux

Art. 72.

Le Président de la République a la haute direc-
tion des négociations internationales. Il signe et ra-
tifie les traités et accords internationaux.

Art. 73.

La République du Burundi peut créer avec d'au-
tres Etats des organismes intergouvernementaux de
gestion commune, de coordination et de libre coopé-
ration. Elle peut conclure des accords d'association
ou de communauté avec d'autres Etats.

Ingingo ya 74.

Amasezerano y'ugukomeza amahoro, ayo gushoreranira ibidandazwa ; ayerekeye ishira hamwe mpuzamakungu, ayotuma Uburundi budaha mu kigega cabwo, ayoshobora guhindura amabwirizwa asanzweho n'ayaranga zina muntu yemezwa n'ibwirizwa. Ariko iyi ngingo ntikura ivyategekanyijwe mu gihimba ca kabiri c'ingingo ya 53.

Akurikizwa iyo yemejwe kandi akarangurwa na bene kuyashinga bose. Nta gice na gito gishobora kuva ku Burundi canke ngo kiguzwe ikindi, nta ntara izobwongerwako, Abarundi batabanje gutumwako ngo bavuyemerere.

Ingingo ya 75.

Hamwe Sentare Ntahinyuzwa yabisabwe n'Umukuru w'Igihugu kuvyihweza, igasanga amasezerano ahushanye n'ibwirizwa-Shingiro, ayo masezerano ntashobora gukurikizwa Ibwirizwa-Shingiro ritabanje guhindurwa nkuko ingingo ya 76 na 77 zibitegekanyye.

Ikigabane ca IX.

Isubiramwo ry'ibwirizwa shingiro.

Ingingo ya 76.

Ibwirizwa-Shingiro risubirwamwo bisabwe n'Umukuru w'Igihugu canke Inama Nshingamateka gusa.

Ingingo ya 77.

Amaze kubihanuza Komite Nkuru y'Umugambwe, Umukuru w'Igihugu arashobora gushikiriza Inama Nshingamateka integuro y'ingingo ihindura Ibwirizwa-Shingiro. Iyo ngingo ikurikizwa iyo yemewe na babiri kuri batatu mu Bashingamateka.

Ingingo ya 78.

Kiretse ivyavuzwe mu bigabane vya VIII na IX, Sta na rimwe integuro y'ingingo ihindura Ibwirizwa-shingiro izokwemezwa igihe yoza itegekanyye ko Uburundi buretse kuba Republika, ihungabanyye ubumwe bw'Abarundi canke ishinga ko imbibe z'igihugu zikwiye kugabanywa.

Art. 74.

Les traités de paix et les traités de commerce, les traités relatifs à l'organisation internationale, les traités qui engagent les finances de l'Etat, ceux qui modifient les dispositions de nature législative, ceux qui sont relatifs à l'état des personnes ne peuvent être ratifiés qu'en vertu d'une loi, sous réserve des dispositions du deuxième alinéa de l'article 53.

Ils ne prennent effet qu'après avoir été régulièrement ratifiés et sous réserve de leur application par l'autre partie.

Nulle cession, nul échange, nulle adjonction de territoire n'est valable sans le consentement du peuple burundais appelé à se prononcer par référendum.

Art. 75.

Si la Cour Suprême, saisie par le Président de la République, a déclaré qu'un engagement international, comporte une clause contraire à la Constitution, l'autorisation de la ratifier ne peut intervenir qu'après révision de la Constitution selon les modalités prévues aux articles 76 et 77.

Titre IX.

De la révision de la constitution.

Art. 76.

L'initiative de la révision de la présente Constitution appartient concurremment au Président de la République et à l'Assemblée Nationale.

Art. 77.

Toute proposition d'amendement présentée par le Président de la République, après consultation du Comité Central du Parti, est soumise à l'Assemblée Nationale et est promulguée lorsqu'elle est approuvée par les deux-tiers des membres de l'Assemblée Nationale.

Art. 78.

Sous réserve des dispositions des titres VIII et IX de la présente Constitution, aucune procédure de révision ne peut être retenue si elle porte atteinte à la forme républicaine, à l'unité nationale et à l'intégrité territoriale de la République.

Ikigabane ca X.

Ingingo mfatakibanza n'izisozera.

Ingingo ya 79.

Gushika umusi Uburundi buzoshikirizwa Umukuru w'Igihugu atowe bakurikije ingingo ya 29 y'iri Bwirizwa-Shingiro, uwurongoye igihugu arabandanya iryo banga gushika ikiringo yahawe kirangiye.

Ingingo ya 80.

Amabwirizwa n'Amategeko yari ahasanzwe, a-lateye kubiri n'iri Bwirizwa-Shingiro, aguma akurikizwa igihe cose atarahindurwa canke ngo afutwe.

Ingingo ya 81.

Iri Bwirizwa-Shingiro ryemejewe n'abarundi bose rimaze gushimwa na Komite Nkuru y'Umugambwe.

Rirakuye kandi iryo ku wa 11 Mukakaro 1974.

Titre X.

Dispositions transitoires et finales.

Art. 79.

Le Président de la République en fonction exerce toutes les prérogatives de Chef de l'Etat et de Gouvernement jusqu'à l'expiration de son mandat et à l'installation officielle du Président de la République élu conformément aux dispositions de l'article 29 de la présente Constitution.

Art. 80.

Les textes législatifs et réglementaires en vigueur au Burundi à la promulgation de la présente Constitution restent applicables dans la mesure où ils ne sont pas contraires à ses dispositions, tant qu'ils n'auront pas été modifiés ou abrogés.

Art. 81.

La présente Constitution est adoptée par référendum populaire après avoir été approuvée par le Comité Central du Parti.

Elle abroge celle du 11 juillet 1974.

